NGURI-URI BASA JAWA

Rabu, 11 Desember 2013
CANDRA SENGKALA

CANDRA SENGKALA
Candra tegese rembulan, sengkala utawa sengkalan yaiku tetembungan sing kanggo mengeti taun supaya gampang anggone ngeling-eling. Candra sengkala iku sengkalan kang kanggo dhasar lakune rembulan. Tembung-tembung sing dienggo ing angka taun, yaiku:

1. siji (tungal) : - Bumi, srengenge, rembulan, lintang, Allah, Gusti, (eka) manungsa, tunggal, wutuh, bunder,urip, lsp.
   - Perangane awak sing mung siji, kayata : sirah, gulu, irung, ati, lsp.
2. loro (dwi) : - Apa sing jodho.
   - Tangan, kembar, suku, mripat, karna, swiwi, bau, alis, sungut lsp.
   - Kriyane tembung-tembung kasebut : nembah, lumampah, ndulu, mabur.
3. telu (tri) : - Geni, urub, benter, putri, estri, jurit, sorot.
   - welut, cacing.
4. papat (catur) : - Banyu, kali, segara, sendhang.
   - Keblat, karya, kreta, rata.
5. lima (panca) : - Buta, angin, piranti, panah.
   - Dalan, pandhawa, alas, gaman.
6. nem (sad) : - Rasa, pait, eca, obah.
   - Wit, tawon, mangsa, kumbang.
7. pitu(sapta) : - Pandhita, gunung, jaran.
   : - Swarga, ageng, bungah.
8. wolu (hasta) : - Gajah, esthi, kethek, ula.
   - Baya, cecak, kadhal lsp.
9. sanga (nawa) : - Bolongan, lawang, gapura.
   - Guwa, terus, dewa, ganda.
10. kothong (das) : - Suwung, kothong, lowong.
   - Sirna, ilang, mati, tanpa.

Tuladha: (pamacane sengkalan urut saka mburi mengarep)
Dwi hasta ngesthi ratu : 1882

Dwi =2
Hasta =8
Ngesthi =8
Ratu =1

Diposkan oleh Lia Asih Triyani di 5:39:00 AM Kirimkan Ini lewat Email BlogThis

http://ayosinaubasajawaa.blogspot.co.id/2013/12/candra-sengkala.html/
21:11/11/012016